

***MODELING THE WAY FLASH CARD***  
**KANGGO NGUNDHAKAKE KATRAMPILAN NULIS AKSARA JAWA**  
**MAWA SANDHANGAN SWARA**  
**SISWA KELAS 7A SMPN 5 TULUNGAGUNG**

**E-JURNAL**



dening  
**MUJI PURWATI**  
**13020114096**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**  
**2015**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH (JAWA)**  
**PROGRAM STUDI S-1 SKGJ**

Alamat : Kampus Unesa Lidah Wetan Surabaya No. Telp. (031) 7522876

---

---

**SURAT PERNYATAAN KEORISINILAN PENULISAN SKRIPSI**

Yang bertanda tangan dibawah ini :

Nama : **Muji Purwati**  
Tempat, tanggal lahir : Tulungagung, 18 Nopember 1970  
NIM : 13020114096  
Program studi/ angkatan : Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Alamat : Jl. I. Gusti Ngurah Rai Gang 2 No. 31 Tulungagung

Menyatakan dengan sesuguhnya bahwa:

- (1) Skripsi yang diajukan ini benar-benar hasil kerja saya sendiri (bukan hasil jiplakan baik sebagian maupun seluruhnya).
- (2) Apabila dikemudian hari terbukti bahwa skripsi ini hasil jiplakan, saya akan menanggung resiko diperkarakan oleh Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Unesa.

Demikian surat pernyataan ini saya buat dengan sebenar-benarnya.

Surabaya, 12 Desember 2015

Dosen Pembimbing,

Yang Menyatakan,

**Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd.**

NIP 19881001 201404 1 001

**Muji Purwati**

NIM 13020114096

Mengetahui,

Plt. Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa  
dan Sastra Daerah (Jawa)

**Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.**

NIP 19671016 199302 2 001

## **Modeling The Way Flash Card Kanggo Ngundhakake Katrampilan Nulis Aksara Jawa Mawa Sandhangen Swara**

**Siswa Kelas 7A SMPN 5 Tulungagung**

**MUJI PURWATI (13020114096), LATIEF NUR HASAN, S.Pd., M.Pd**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

[Purwati.miji@yahoo.com](mailto:Purwati.miji@yahoo.com)

### **Abstrak**

Adhedhasar asil observasi ing kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung ditemokake saperangan perkara sajrone pasinaon mata pelajaran basa Jawa. Guru kurang maksimal anggene ngetrapake katrampilan nulis mligine nulis aksara Jawa. Sarta kurange modhel pasinaon lan medhia kang bisa narik kawigatene siswa. Bab kasebut nyebabakake kurange katrampilan siswa sajrone nulis aksara Jawa. Sajrone kagiyatan prasiklus 60% siswa durung bisa nggayuh katuntasan maksimal kang katemtokake jalanan siswa kangelan sajrone pasinaon aksara Jawa. Mula saka kuwi perlu anane sawijining modhel pamulangan lan medhia pamulangan kang bisa ndadekake siswa seneng lan bisa nulis aksara Jawa.

Adhedhasar lelandhesane panliten kasebut kang dadi underane panliten iki, yaiku (1) kepriye undhak-undhakan katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modheling the Way Flashcard*, (2) kepriyen undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa lumantar *Modheling the Way Flashcard*, (3) kepriye undhak-undhakan asil pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modheling the Way Flashcard*. Tujuwan panliten, yaiku: (1) ngundhakake katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modheling the Way Flashcard*, (2) ngundhakake aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa lumantar *Modheling the Way Flashcard*, lan (3) ngundhakake asil pasinaon siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara kanthi modhel pasinaon *Modheling the Way Flashcard*.

Panliten iki nggunakake metodhe panliten kuantitatif. Jinis panliten iki, yaiku panliten tindakan kelas kang kaperang saka rong siklus. Saben siklus kaperang saka petang tahapan, yaiku perencanaan, pelaksanaan, observasi, lan refleksi. Subjek panlitian yaiku guru lan siswa kelas 7 A SMPN 5Tulungagung.

Asil observasi katrampilan guru sajrone siklus I nuduhake menawa skor kang diolehake guru ngancik angka 28 kanthi rata-rata skor 2,54 kategori apik, banjur ing siklus II skor katrampilan guru ngancik ana ing skor 38 kanthi prosentase 3,45 kategori apik banget. Asil observasi aktivitas siswa sajrone pasinaon siklus I nuduhake olehe skor cacah 27, rata-rata skor 67,5 kanthi kategori baik. Banjur ing siklus II kasil ngolehake skor cacah 34, rata-rata skor cacah 85 kanthi kategori apik banget. Katrampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhangen swara ing sajrone siklus I rata-rata biji kang diolehake siswa, yaiku 72, ketuntasan klasikal 68,6%, lan kalebu ing kategori apik. Sajrone siklus II ngolehake skor rata-rata saben siswa cacah 82 kanthi prosentase ketuntasan klasikal kelas 7 A cacah 82,9% kalebu ing kategori apik

Adhedhasar asil panliten bisa didudut menawa pasinaon nulis aksara Jawa kanthi sandhangen swara lumantar *Modheling the Way Flashcard* bisa ngundhakake katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon apresiasi siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung.

**Kata Kunci:** katrampilan nulis, aksara Jawa, sandhangen swara, *Modheling the Way Flashcard*.

### **PURWAKA**

#### **Lelandhesane Panliten**

Katrampilan sing wigati sajrone pasinaon basa Jawa yaiku katrampilan nulis. Katrampilan nulis minangka salah sawijining karampilan ngasilake sawijining prodhuk utawa tulisan. Sawise nindakake katrampilan nyemak lan maca katrampilan sabanjure sing kudu diduweni yaiku katrampilan nulis, mligine nulis aksara Jawa tumrape pasinaonan basa Jawa.

Aksara Jawa bageyan saka mata plajaran basa Jawa, kanggo siswa mata plajaran basa dirasa angel disinaoni. Aksara Jawa dudu aksara saben dina sing

dienggo dening bebrayan mligine siswa. Bab kasebut njalari pasinaon lan pasinaon tumrape aksara Jawa kagolong angel. Wujude aksara sing mbingungake lan akehe aksara sing kudu diapalke ndadekake materi aksara Jawa krasa medeni lan mbingungake tumrap bebrayan Jawa, mligine siswa. Pasinaon basa Jawa nduweni aturan sing baku mligine tumrap maca lan tata tulis aksara Jawa.

Adhedhasar pangamatane panliti kanthi survei ing pasinaon basa Jawa guru sajrone pasinaon nganggo modhel pasinaon sing *konvensional*, yaiku modhel ceramah. Bab kasebut ndadekake kurange minat siswa marang pasinaon amarga kurange variasi sing

nyenengake sajrone pasinaon nulis aksara Jawa sing dianggep angel dening siswa. Katrampilan nulis aksara Jawa mligine sandhangen ing SMP 5 Tulungagung durung bisa nggayuh kriteria ketintasan minimal sing ditrapale. Isih akeh siswa sing ngolehake biji sangisore KKM kanthi prosentase ketuntasan 40% saja jumlah siswa. Isih akeh siswa kelas 7 sing durung apal lan durung bisa ngrakit an ngerten tata tulise aksara Jawa mligine legena. Saka siswa sing cacahé 35 ing kelas, kabukti ana 14 siswa sing isih durung tuntas manut KKM. Saka 35 siswa, amung 21 bocah sing wis antuk biji luwih saka 75, sisane isih ana ing sangisore 80. Dadi kena diarani isih ana 14 siswa sing durung lulus saka materi iki.

Adhedhasar dhata nilai sing kurang saka KKM, kanggo mrantasi masalah pasinaonan kasebut, paneliti netepake alternatif tindakan kanggo ningkatake ketrampilan nulis aksara Jawa. Kanggo njurung aspek ketrampilan nulis aksara Jawa yaiku ngajak siswa kanthi cara aktif jroning pasinaon lan ningkatake ketrampilan guru, mula paneliti nganggo *Modeling The Way flashcard* kanggo solusi mrantasi masalah.

Pasinaon basa Jawa nganggo *Modeling The Way flashcard* bakal ningkatake ketrampilan nulis aksara Jawa kanggo siswa. Siswa bisa ndhemonstrasekake materi saka gurune kanthi nganggo maneka werna *flashcard* sing bisa diisi kanthi huruf-huruf aksara Jawa utawa mangsuli soal sing ana ing *flashcard*.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur mula panaliti bakal nglaksanakake Paniliten Tindakan Kelas kanthi irah-irahan "*Modeling The Way Flash Card* kanggo ngundhakake katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara siswa kelas 7A SMPN 5 Tulungagung".

### **Underane Panlitén**

Adhedhasar lelandhesaning panulisan ing ndhuwur, mula bisa dijlentrehake underaning panlitene yaiku:

- 1) Kepriye undhak-undhakane katrampilan guru jroning pasinaonan marang siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung?
- 2) Kepriye undhak-undhakane aktivitas siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung jroning pasinaonan nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modeling The Way Flash Card*?
- 3) Kepriye undhak-undhakane asil pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modeling The Way flashcard* siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung?

### **Pamecahe Perkara**

Adhedhasar lelandhesane panlitén, mula kanggo ngundhakake katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara tumrap siswa kelas 7 A SMPN 5Tulungagung. Panliti nyusun pamecahe perkara

lumantar panlitén tindakan kelas sing kaperang saka rong siklus nggunakake modhel pasinaon *Modheling the Way* kanthi medhia *flashcard*. Pasinaon lumantar *Modeling The Way flashcard*, yaiku pasinaon demontrasi kanthi langsung saka medhia kertu gambar ukuran 15 x 15 cm (Nurseto, 2012: 8). Medhia kasebut minangka gambar sing ditampilake ing kertu foto. Pasinaon *Modeling The Way flashcard* kantindakake kanthi langkah-langkah pasinaon ing ngisor iki.

- 1) Guru weneh motivasi marang siswa
- 2) Guru ngandharake tujuwan pasinaon sing bakal digayuh lan weneh motivasi marang siswa.
- 3) Guru nerangake sejarah aksara Jawa lan materi ngenani Aksara Jawa kanthi Sandhangen Swara
- 4) Guru nindakake tanya jawab ngenani materi.
- 5) Guru weneh soal kanthi medhia *flashcard*, siswa disuwun macakake pesen suwalike *flashcard*.
- 6) Guru weneh demonstrasi nulis aksara Jawa nganggo medhia *flashcard*.
- 7) Guru weneh masalah marang siswa kanthi mbentuk ukara kang ana sesambungan karo sejarah aksara Jawa
- 8) Siswa diwenehi wktu 5-10 menit kanggo nggawe tembung saka *flashcard* kang wis dibagi.
- 9) Kanthi gilir-gumanti saben siswa nulisake tembung-tembung kasebut sajrone aksara Jawa.
- 10) Siswa liyane weneh masukan marang siswa kang maju.
- 11) Guru weneh andharan sacukupe kanggo klarifikasi.
- 12) Guru weneh soal evaluasi.
- 13) Guru lan siswa weneh dudutan ngenani materi kang wis diasinaoni
- 14) Nindakake refleksi lan weneh tindak lanjut kanthi weneh PR.
- 15) Nutup pamulangan

Panganggone medhia *flashcard* sing kasuguhake kanthi modhel pasinaon *Modeling The Way* kasebut diajab bisa ngundhakake katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon katrampilan nulis sandhangen swara.

### **Hipotesis Tindakan**

Pangetrape *modeling the way flashcard* bisa ningkatake asile aktivitas guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaonan siswa sajrone piwulangan nulis sandhangen swara.

### **Tujuwan Panlitén**

Tujuwan umum saka panlitén iki yaiku kanggo ningkatake ketrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara marang siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung. Dene tujuwan khusus saka panlitén iki yaiku:

- 1) Njlentrehake undhak-undhakane katrampilan guru jroning pasinaonan sandhangen swara lumantar

- Modeling The Way flashcard* marang siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung.
- 2) Njlentrehake undhak-undhakane aktivitas siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung jroning pasinaonan nulis sandhang swara lumantar *Modeling The Way flashcard*.
  - 3) Njlentrehake undhak-undhakane asil pasinaon ketrampilan sandhang swara lumantar *Modeling The Way flashcard* siswa kelas 7A SMP Negeri 5 Tulungagung.

### **Paedahe Panliten**

Lumantar panliten iki dikarepake bisa ningkatake prestasi ing babagan pasinaon basa Jawa, mligine ing katrampilan sandhang swara. Saliyane kuwi kanthi pangetrapan *Modeling The Way Flashcard* bisa gawe siswa ngerten pasinaon basa Jawa kanthi cara sing gampang lan nyenengake.

- 1) Kanggo Siswa: siswa bisa kalatih daya elinge, katrampilane, lan konsentrasi murih luwih kamotivasi sarta minat marang pasinaon nulis aksara Jawa. Panliten iki uga dikarepake bisa menehi motivasi siswa kanggo ningkatake prestasine jroning mata plajaran basa Jawa mligine nulis aksara Jawa.
- 2) Kanggo Guru: panliten iki nduweni masukan marang guru ngenani teknik pasinaon, sing luwih inovatif kanggo bisa ningkatake profesionalisme guru lan ningkatake kuwalitas pasinaon.
- 3) Kanggo Sekolah: panliten iku bisa aweh sumbangan ide sekolah kanggo nyiptakake suwasana pasinaon sing kondhusif lan bisa didadekake inovasi anyar jroning proses kagiyatan ngajar ing sekolah kasebut.
- 4) Kanggo Peneliti: penelitian iki dikarepake bisa nambah wawasan lan menehi sumbangan bahan acuan sing gegayutan karo kemampuan nulis aksara Jawa.

### **Wewatesane Tembung**

- 1) Nulis mujudake sawijining katrampilan basa sing digunakake kanggo komunikasi kanthi cara ora langsung, ora kanthi adhep- adhepan karo wong liya (Tarigan, 2008:3)
- 2) Aksara Jawa iku diarani Dentawayanjana. Denta tegese untu lan wyanjana tegese aksara (Padmosoekotjo, 1986: 13)
- 3) Sandhang wujude bunder lan panggonane ing ndhuwur aksara. Ukurane luwih gedhe tinimbang wulu. Sandhang iku nduweni paedah kanggo ngowahi aksara jawa kanthi sandhang swara kang muni “a” dadi “e” (Atunsuhana, 1953: 106)
- 4) *Modeling The Way* wujud teknik marang peserta didik kanggo latihan, lumatar demonstrasi, ketrampilan khusus sing diajarake ing kelas. Medhia *flashcard* arupa kertu kabehe 30 nganti 40, bahan sing apik kanggo kertu iku yaiku kertas manila (Ismawati, 2011: 146).

5)

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

#### **Panliten Saemper**

Endah Agustina (2013) *Pangembangan Medhia Animasi Flash sajrone Ngundhakake Kawasiswa Nulis Pasangan Aksara Jawa Siswa Kelas VII SMPN 1 Pagerwojo, Tulungagung Taun Ajaran 2012/ 2013*. Padha karo panliten sadurunge, ing panliten iki katrampilan siswa sajrone nulis aksara Jawa isih sangisore KKM. Saka asil panliten iki disebabake amarga cara pamulangan lan medhia kang digunakake monoton, yaiku buku lan papan tulis. Kanthi bab kasebut, panliti nggunakake medhia kang manfaatake teknologi, yaiku medhia *animasi flash*. Medhia iki dijangkepi tata cara panulisan, tuladha lan latihan soal. Kanthi medhia iki siswa bisa sinau lan latihan soal dhewe sauger wis nduweni aplikasi medhia iki kang kudu diinstal ing komputer. Kanthi nggunakake medhia iki ngasilake undhak-undhakan sajrone asil sinau lan aktifitas siswa.

Marlinda (2014) *Upaya Meningkatkan Kemampuan Mengenal Huruf Melalui Medhia Pohon Huruf (Penelitian Tindakan Kelas Pada Kelompok A di TK Mafhadhol Tambang Sawah Kabupaten Lebong Propinsi Bengkulu)*. Sajrone panliten iku diandharake ngenani wujud klierune panulisan *Legena* aksara Jawa. Alasan bisa klier anggone nulis *Legena* aksara Jawa amarga para siswa sing ora apal aksarane, angel, amarga arang latihan nulis aksara Jawa, lan sapanunggalane. Saka panliten iku didudut yen para siswa sing akeh klier anggone nulis Jawa, yaiku ing babagan salah pilih, wujude ora lengkap, salah penganggone, uga ana maneh sing salah aksarane.

Pambeda antarane panliten-panliten saemper karo panliten sing bakal ditindakake iki yaiku ing medhia sing bakal digunakake sajrone pasinaon lan objek panliten. Objek panliten ing panliten iki, yaiku siswa kelas 7 SMPN 5 Tulungagung. Medhia pasinaon sing bakal digunakake sajrone panliten iki, yaiku medhia *flashcard* lumantar *Modeling The Way* kanggo ngundhakake ketrampilan nulis sandhang swara.

#### **Katrampilan Nulis**

Nulis minangka salah siji saka 4 katrampilan basa kang kudu diduweni dening manungsa. Akeh para ahli kang menehi teges ngenani nulis, ing antarane Tarigan (2008:3) ngandharake yen nulis mujudake sawijining katrampilan basa sing digunakake kanggo komunikasi kanthi cara ora langsung, ora kanthi adhep- adhepan karo wong liya. Andharan kasebut salaras karo pratelane Lado (sajrone Basir, 2010:29) kang ngandharake katrampilan nulis yaiku kawasiswa jroning proses pangolahan lan pamedhare gagasan kanthi runtut, logis, lan nduweni makna saengga bisa menehi pemahaman imajinatif marang pamaose kanthi maksimal

Komponen sing ana sajrone katrampilan nulis, yaiku: (1) panganggone basa tulis sing nduweni guna minangka medhia tulisan, antarane kayata kosakata,

struktur ukara, paragraf, ejaan, lan pragmatik; (2) penguasaan isi karangan adhedhasar topik sing bakal ditulis; lan (3) penguasaan ngenani jinis-jinis tulisan yaiku kepriye nggabungake isi tulisan karo panganggone basa tulis saengga mbentuk sawijining komposisi sing dikarepake kayata esai, artikel, cerkak, utawa makalah

## Ketrampilan Nulis Aksara Jawa

Tujuwan nulis miturut Semi (2007: 14) yaiku: 1) nyritakake sawijining bab, 2) kango menehi pituduh, 3) njelasake sawijing bab, 4) kanggo nyakinake, lan 5) kanggo ngrangkum. Miturut Nurudin (2010: 39) asas nulis singbecik yaiku kejelasan, keringkesan, ketepakaan, kacocogan, kagayutan, lan panegasan. Saka nem indikator kasebut, panaliti nganggo indikator katepakan lan kajelasan. Miturut Iskandarwassid lan Sunendar (2011: 250) jroning mbiji tulisan ana saperangan kriteria antarane: kuwalitas lan ruang lingkup oranisasi lan nyuguhake isi, komposisi, kohesi lan koherensi, gaya lan bentuk basa, mekanik, rapi orane tulisan, karesikan, respon afektif pengajar marang karya tulis. Saka sangang indikator kasebut, panaliti nganggo indikator kerapian tulisan lan indikator kecepatan. Saengga indikator ketrampilan nulis akasara Jawa yaiku ajeye tulisan, bentuk tulisan, rapi orane tulisan, lan cepet orane.

## Sandhangan Swara

Aksaa Jawa wujude legena, dene yen arep muni swara liyane kkudu diwenehi sandhangan (Antunsuhana, 1953:1442). *Sandhangan swara* yaiku sandhangan kang digunakake kanggo njangkepi aksara legena supaya fonem dhasar {a} bisa dadi swara liyane. Ing panliten iki bakal ngrembug ngenani sandhangan swara. Supaya luwih cetha ing ngisor iki diandharake ngenani sandhangan swara:

<b>Sandhangan</b>	<b>Kanggone</b>	<b>Tuladha</b>
wulu (.....)	Swara "i"	pipi = ພິມິ
pepet (.....)	Swara "e"	lemu = ໝີເມູ
suku (....)	Swara "u"	tuku = ໝີກຸກູ
taling (....)	Swara "e"	tela = ໝີກາລາ
taling tarung (....)	Swara "o"	loro = ໝີໂລຣ້ອ

1) Sandhangan Wulu ( ..... )

Sandhangan wulu awujud bunderan cilik kang panggonane ing ndhuwure aksara legena. Fungsine yaiku kango ndadekake aksara legena kang swara a, dadi swara "i".

Tuladha : siti : තුලදා

bali : ບາລີ

minthi : မိန္ဒ

## 2) Sandhangan Suku ( ... )

Sandhangansuku nduweni fungsi kanggo ndadekake legena a dadi swara u, lan manggon ing sikil mburi aksara kang diwenehi sandhangan.

Tuladha : puthu : உலா தூ

yuyu : 

sayu : ဆယ့်

3) Sandhangan Pepet ( .... )

Sandhangan pepet wujude bunder lan manggon ing ndhuwure aksara kang diwenehi sandhangan. Ukurane luwih gedhe tinimbang wulu. Sandhangan iki nduweni paedah kanggo ngowahi aksara jawa *kanthi sandhangan swara* kang muni “a” dadi “e” (Atunsuhana, 1953: 106)

Tuladha : telu : ତୁଳଧା

meri : ମେରି

gedhi : ဂေါ်

Sandhangan swara pepet nduweni babagan sing mligi anggone nulis nalika digandheng karo aksara liyane kaya dene aksara (la,ra). Sandhangan pepet nalika gandheng karo aksara (la, ra) mula wujude aksara (la,ra) owah saka asale. Sandhangan pepet tumrap aksara ra diganti nganggo pa cerek (ɻɻ), dene nalika sandhangan pepet tumrap aksara la diganti nganggo nga lelet (ɻɻ)

Tuladhane ·

Reco

Rego :

Lenga :

Lemu :

(M. Abi Tofani, 2001, 107)

#### 4) Sandhangan Taling (

Sandhangan taling iki meh padha kayadene pepet yaiku sing swarane e. Sandhangan iki manggon ing ngarepe aksara kang diwenehi sandhangan.

Tuladha : telu :

tuku :

lele :

#### 5) Sandhangan Taling Tarung (

Taling tarung iki nduweni swara "o" , kalarone ngapit aksara kang disandhangi. Taling manggon ing ngarepe aksara, dene tarung manggon ing mburine.

Tuladha : toko :

loro :

rosa :

### Medhia Pasinaon

Medhia yaiku alat bantu lan bahan pasinaon. Kanthi migunakake alat bantu mula alat indra bakal luwih gampang, bab iki bisa njurung semangat sinaune siswa. Peran guru jroning pasinaon yaiku mionangka fasilitator, mediator, lan pembimbing (Hamdani, 2011: 243). Medhia pasinaon yaiku sakabehe sing bisa digunakake kanggo nyalurake pesen saka pengirim saengga ngrangsang pikiran, pangrasa, kawigaten, lan minat kemauan siswa saengga proses pasinaon sing ana bisa nggayuh tujuane (Sukiman, 2012: 29).

Paedah medhia kaya iki: 1) nggenahake pesen murih ora verbalitas, 2) ngatasi kakurangan ruang, wektu, tenaga, lan daya indra, 3) nuwuake semangat sinar, interaksi luwih langsung antarane murid lan sumber pasinaon, 4) nggawe bocah sinar mandiri sing cocog karo bakat lan kemampuan visual, auditori, lan kinestetik, 5) menehi rangsangan sing padha, 6) proses pasinaon ngandhut limang komponen komunikasi, guru, bahan pasinaon, medhia pasinaon, siswa, lan tujuwan pasinaon (Daryanto, 2011: 5). Adhedhasar uraian kasebut bisa kajupuk dudutan menawa medhia pasinaon minangka perantara informasi saka guru

marang siswa murih informasi bisa ditampa siswa kanthi gampang.

### Model Pasinaon *Modeling The Way Flashcard*

Model pasinaon *Modeling The Way* menehi siswa kesempatan kango mraktekake, lumantar peragaan lan ketrampilan sing diajarake ing kelas (Zaini, 2008: 76). Miturut Silberman (2010: 223) *Modeling The Way* wujud teknik marang peserta didik kango latihan, lumatar demonstrasi, ketrampilan khusus sing diajarake ing kelas, saka uraian kasebut bisa kajupuk dudutan *Modeling The Way* yaiku kagiyatan demonstrasekake sawijining ketrampilan sing dilakokake guru kanthi cara aweh rangsangan lan diwenereni conto cara nglakoni, saengga siswa bisa kanthi langsung ndeleng lan mraktekake adhedhasar tuladha saka guru.

Medhia *flashcard* arupa kertu kabehe 30 nganti 40, bahan sing apik kanggo kertu iku yaiku kertas manila (Ismawati, 2011: 146). Medhia *flashcard* yaiku medhia pasinaon arupa kertu sing ana gambare sing ukurane saukuran kertu pos. gambar sing ditampilake ing kartu kasebut yaiku gambar utawa foto sing wis ana lan ditempelake ing lembaran kertu-kertu kasebut. Gambar sing ana ing medhia iki yaiku rangkaian pesen sing disajekake kanthi keterangan ing bageyan mburine. Kaluwihane medhia *flashcard* antarane: 1) gampang digawa ing ngendi-endi, 2) praktis anggone nggawe lan nganggo, 3) gampang dieling-eling amarga narik kawigaten, 4) nyenengake minangka medhia pasinaon lan bisa digunakake jroning permainan (Indriana, 2011: 68).

### METODHE PANLITEN

#### Subjek, Papan Panggonan, lan Wancine Panliten

Sub bab iki njentrehake ngenani subjek panliten, papan panggonan panliten kang ditindakake, lan wancine panliten.

##### 1) Subjek panliten

Panliten iki kalebu panliten PTK , mula subjek lan settinge kudu ditemtokake. Panliten iki ditindakake kanthi subjek siswa kelas VIIA. Pamilihe subjek kelas VIIA jalaran kelas iki nduweni masalah ngenani pasinaonan nulis aksara Jawa mligine sandhangen swara. Panliten ditindakake kanggo nuntasake apa sing dadi masalah sing dialami siswa. Murid kang dadi subjek panliten yaiku murid klas 7A kang cacahe ana 35 siswa kaperang saka 20 siswa lanang lan 15 siswa wadon. Guru ing panliten iki yaiku guru basa Jawa.

##### 2) Papan panggonan

Papan panggonan ing SMPN 5 Tulungagung, kang dununge ana ing Tulungagung. Pamilihe papan panggonan panliten supaya anggone nindakake panliten iku luwih gampang jalaran minangka papan panggonan tugas ngajar saben dinane lan kanggo sarana nuntasake masalah sing ana ing siswa sajrone ngetrapake sandhangen swara sajrone ukara.

##### 3) Wancine Panliten

Panliten ditindakake ing wulan Agustus lan September 2015, semester ganjil tahun 2015/2016. Panliten ditindakake sajrone 2 siklus. Saben siklus sapatemon (satu kali pertemuan), kanthi tetimbangan: a) Ing panliten iki siswa dituntun kerja kelompok kanthi kemampuan sing heterogen; b) Wektu sing winates. Ing panliten tindakan kelas kanthi nggunakake *Modeling the Way Flashcard* sajrone nulis sandhang swara. Wondene jadwal anggone nindhakake ing jadwal iki:ing ngisor iki:

No.	Dina lan tanggal	Kang ditindakake
1.	Selasa, 8 Agustus 2015	Proposal
2.	Kemis, 13 Agustus 2015	Patemon 1 (siklus I)
3.	Kemis 15 September 2015	Patemon 2 (siklus II)
4.	Sabtu, 17 September 2015	Gawe laporan

### Prosedur Panliten

Penelitian tindakan kelas, yaiku sawijining pencermatan tumrap kagiyatan pasinaon arupa sawijining tindakan, sing sengaja dienekake lan dumadi sajrone kelas kanthi bebarengan (Arikunto, 2009: 16).

Subyantoro (2009: 8) ngandharake prosedhur tindakan sajrone panliten tindakan kelas kaperang saka petang prosedur ing antarane yaiku perencanaan, tindakakn, observasi, lan refleksi. Kapapat prosedhur kasebut kajabarake ing ngisor iki.

- 1) Ngancang Komponen iki, guru nindakake tindakan adhedhasar rencana tindakan sing wis direncanakake kanggo ngundhakake proses pasinaon, sikap, solah, lan prestasi siswa.
- 2) Tindakan Komponen iki, guru nindakake tindakakn adhedhasar rencana tindakan sing direncanakan, minangka upaya ngundhakake proses pasinaon, sikap, solah, lan prestasi siswa.
- 3) Observasi Komponen iki guru ngamati dhampak utawa asil saka tindakan sing ditindakake marang siswa. Saka kagiyatan iki, guru bakal ngerti ngenani treatment sing dienggo bisa ngundhakake kawasisasn nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara.
- 4) Refleksi Komponen iki, guru weneh kajian lan weneh tetimbangan kanthi jero ngenani asil lan dhampak saka tindakan sing wis ditindakake kasebut kanthi netepake maneka kriteria sing wis digawe. Adhedhasar asil refleksi ing komponen iki, guru banjur weneh perbaikan awal tumrap kakurangan saengga durung weneh dhampak perbaikan sing apik. (Subyantoro, 2009: 8)

### Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten minangka bab kang ora bisa dipisahake, anane dhata amarga ana sumber dhatane. Ing kene dijgentrehake ngenani bab kasebut.

#### 1) Sumber dhata

Sumber data sajrone panliten yaiku saka endi data kasebut dipikolehi (Arikunto, 2010:172). Sajrone panliten iki data dipikolehi kanthi cara nganalisis data kang ana. Dhata-dhata kasebut arupa dhata observasi lan dhata asil sinau siswa. Sumber dhata ing kene yaiku saka siswa lan guru bidang studi minangka observer nalika proses pamulangan nulis sandhang swara.

#### 2) Dhata panliten

Salaras karo masalah kang dirumusake, dhata sajrone panliten iki arupa aktivitase siswa, aktivitase guru, lan biji asil tes pasinaon.

### Instrumen Panliten

Instrumen yaiku piranti sing digunakake sajrone nglumpukake dhata supaya luwih jangkep, cermat, lan sistematis saengga luwih kepenak dianalisis. Instrumen kang digunakake sajrone panliten arupa observasi aktivitas guru lan siswa.

#### 1) Lembar observasi aktivitas siswa lan guru

Lembar observasi aktivitas guru lan siswa mujudake dhesripsi aktivitas guru lan siswa saka asil observasi ngenani proses pamulangan basa Jawa sajrone nulis sandhang swara kanthi nggunakake *Modeling The Way Flashcard*. Instrumen iki digunakake dening observer kanggo menehi pambiji nalika panaliti nindakake proses pamulangan.

#### 2) Soal tes

Tes kang digunakake ing kene yaiku tes sadurunge lan sawise nggunakake tes tulis lan lisan kang diwenehake menyang siswa. Tes iki nduweni piguna yaiku kanggo meruhi tingkat efektivitas panggunane *Modeling The Way Flashcard* iki kang diukur saka asil sinau siswa. Tes ing kene arupa soal-soal ngenani nulis sandhang swara kang ana ing lembar penilaian.

### Ngumpulake Dhata

Ngumpulake dhata minangka sawijining upaya kanggo ngumpulake katrangan sing nyata lan bisa dipertanggung jawabake kanggo kebutuhan panlit. Teknik ngumpulake dhata ing panliten iki kaleksanan kaya ing ngisor iki.

#### 1) Observasi

Observasi utawa pengamatan dienggo kanggo ngukur solah bawane individu utawa proses lumakune sawijining kedadeyan sing visa diamati, ing kahanan sing digawe-gawe utawa kahanan alami (Sudjana, 2005: 84). Observasi sajrone panliten iki arupa cathetan sing nggambarake katrampilan guru, aktivitas

siswa, lan katrampilan nulis sandhang swara sajrone pasinaon lumantar *Modeling The Way Flashcard* ing siswa kelas 7A SMPN 5 Tulungagung.

Langkah-langkah sajrone observasi iki kawiwan saka panyususan kisi-kisi lembar observasi, banjur diterusake kanthi gawe lembar observasi. Sawise kuwi sing katindakake yaiku observer wiwit ngamati sajrone pasinaon ing panliten tindakan siklus I. Sawise dienekake refleksi, kagiyatan observasi banjur katindakake maneh ing siklus II, kaya mangkono sateruse gumantung ana ing indikator keberhasilan sing kasil digayuh siswa ing saben sikluse.

## 2) Tes

Kriteria indikator pambiji ing teknik tes unjuk kerja sajrone pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara lumantar *Modeling The Way Flashcard* ing siswa kelas 7A SMPN 5 Tulungagung, yaiku: (1) keajegan panulisan, (2) kerapian panulisan, (3) wujud tulisan, lan (4) cepet orane anggene nulis. Saben indikator sajrone tes katrampilan nulis aksara Jawa Jawa kasebut nduweni bobot kang beda adhedhasar tingkatane saben indikator.

Adhedhasar indikator-indikator ing ndhuwur, dingertenip rentan biji sajrone katrampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara, yaiku:

**Tabel 3.1  
Rentan Pambiji Tes Nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara**

Rentan Biji	Kategori
88-100	Apik banget
75-87	Apik
62-74	Cukup
49-61	Kurang
0-48	Kurang Banget

## Analisis Dhata

Analisis dhata sajrone panliten “*Modeling The Way Flash Card* kanggo ngundhakake katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhang swara siswa kelas 7A SMPN 5 Tulungagung” iki katindakake kanthi cara analisis asil observasi guru, analisis kagiyatan siswa, lan analisis biji sing digayuh siswa.

Analisis biji sing digayuh siswa minangka wujud saka dhata kuantitatif, arupa ketampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara, dianalisis kanthi nggunakake teknik analisis dheskripif kanthi nemtokake *mean* utawa rata-rata. Dhata iki kajabarake kanthi wujud prosentase lan angka.

1) Nemtokake biji adhedasar skor teoritis sing diolehake siswa

$$P = \frac{f}{N} \times 100$$

Katrangan:

P : presentase kedadeyan kang tuwu sajrone piwulang  
f : akehe aktivitas kang tuwu sajrone piwulang  
N : Cacahe sakabehe aktivitas  
(Indarti, 2008: 26)

2) Nemtokake prosentase ketuntasan pasinaon klasikal

$$P = \frac{\sum \text{siswa kang tuntas}}{\sum \text{cacahe siswa sakelas}} \times 100$$

Katrangan:

P : Prosentase siswa sing tuntas

Itung-itungan prosentase kanthi nganggo rumus ing ndhuwur salaras karo indikator keberhasilan sing bakal digayuh siswa sajrone pasinaon basa Jawa kango kriteria ketuntasan klasikal yaiku 75%.

Asil itung-itungan kasebut sabanjure dikonsultasikake karo ketuntasan pasinaon siswa sing wis deklompokake sajrone rong kategori tuntas lan ora tuntas, kanthi kriteria kaya ing ngisor iki:

**Tabel 3.2**

**KKM Bahasa Jawa kelas 7 A**

Klasikal	Individu	Kualifikasi
$\geq 80$	$\geq 75$	Tuntas
$< 80$	$< 75$	Ora tuntas

3) Ngitung biji rata-rata

$$\bar{x} = \frac{\sum x}{\sum N}$$

Katrangan:

$\sum x$  = cacahe sekabehane biji siswa

$\sum N$  = cache siswa

$\bar{x}$  = biji rata-rata

(Aqib, 2010: 40)

## ANDHARAN ASIL PANLITEN

### Asil Panliten

Asil Panliten mujudake paparan saka asil panliten kang kaperang saka katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhang swara lumantar *Modeling The Way Flash Card* siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Panliten wis katindakake ing rong siklus, saben siklus katindakake ing sapertemuan.

1) Asil pasinaon siswa siklus I

Asil Panliten mujudake paparan saka asil panliten sing kaperang saka katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Panliten wis katindakake ing rong siklus, saben siklus katindakake ing sapertemuan.

a) Rancangan panliten

Tahap ngrencanakake kegiyatan piwulang ing siklus I kegiyatan ngrencanakake diisi dening sakabehing kegiyatan kang ana gegayutane karo

panyiapane ubarampe guru kanggo nindakake proses piwulang nulis aksara Jawa kanthi sandhangen swara kang bakal dititi. Ubarampe yaiku nyusun Rencana Palaksanaan Pembelajaran (RPP) kang wis didandani, nyiapake materi piwulang, nyiapake media piwulang, nyiapake lembar *observasi* aktivitas guru lan siswa, nyiapake alat *evaluasi*.

b) Nindakake kegiyatan piwulang

Saka asile ujian (*post test*) kang digarap dening siswa, bias dimangertenii. Asil kang diuweni murid dibiji adhedhasar *Penilaian Acuan Patokan* (PAP) kang wis ditemtokake yaiku siswa dianggep tuntas yen bias nggayah 75% saka *indicator*. Biji *maksimal* kang ditemtokake yaiku 100, dadi siswa dianggep tuntas yen antuk biji *minimal* 75. Biji kanggo saben – saben siswa bakal dieting kanthi rumus :

$$\text{Biji} = \frac{\text{Skor kang digayuh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100\%$$

Murid dianggep tuntas yen antuk biji saora – orane yaiku 75 kanthi katuntasan kelas kudu nggayah 80%. Ing siklus I iki ana 24 murid utawa  $\frac{24}{35} \times 100\% = 68,6\%$  kang tuntas lan 11 murid utawa  $\frac{11}{35} \times 100\% = 31,5\%$  kang durung tuntas. Asil ketuntasan kelas kang antuk 68,6% isih sangisore 80% kang tegese piwulang durung kasil mula kudu dianakake siklus II.

c) Observasi

Adhedhasar pamulangan kang wis ditindakake uga dialehake data pambiji asil observasi. Observasi ditindakake dening observer, yaiku Retno Indrayani, S.Pd minangka guru Bahasa Jawa kelas VIIIG ing SMPN 5 Tulungagung. Asil observasi dialehake saka aktivitas siswa lan guru nalika proses pamulangan lumaku. Asil pambiji observasi ing siklus 1 kaya andharan iki.

i). Katrampilan guru

Adhedhasar asil pengamatan langsung kanthi lembar observasi sing wis katindakake dening observer nalika pasinaon, kasil dialehake dhata asil pengamatan kaya tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.1**  
**Asil Observasi Katrampilan Guru Siklus I**

No	Indikator	Deskriptor kang digayuh				Skor
		1	2	3	4	
1.	Nindakake prapasinaon.		✓			3
2.	Miwiti pasinaon kanthi apresepsi.	✓				2
3.	Ngandharake tujuwan pasinaon.	✓				2
4.	Weneh pitakonan marang siswa.		✓			3

5.	Nindakake demonstrasi arupa nulisa aksara Jawa.	✓			2
6.	Weneh bimbingan marang siswa sajrone nggunakake <i>medhia Flashcard</i> kanggo ngrampungake tugas		✓		3
7.	Weneh bimbingan sajrone nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara		✓		3
8.	Weneh variasi sajrone pasinaon.	✓			2
9.	Ngelola kelas.		✓		3
10.	Weneh penguatan marang siswa.	✓			2
11.	Nutup pasinaon.	✓			2
Jumlah skor					28
Rata-rata					2,54
Kategori					cukup

Keterangan :

- 1 = kurang
- 2 = cukup
- 3 = apik
- 4 = apik banget

Adhedhasar tabel 4.1 asil observasi katrampilan guru ing ndhuwur nerangake menawa jumlah skor 28 kanthi rata-rata 2,54. Asil iki kalebu ing kategori "cukup". Asil observasi saben indikator ing siklus I, diandharake kanthi luwih cetha kaya perangan ing ngsior iki.

ii). Aktivitas Siswa

Asil saka observasi aktivitas siswa sajrone tindakan siklus I bisa dideleg saka tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.2**  
**Asil Observasi Siswa Siklus I**

No.	Indikator	Deskriptor kang digayuh				Jumlah
		1	2	3	4	
1.	Nyiapake diri sajrone nampa pasinaon.		✓			2
2.	Nggatekake <i>medhia</i> lan andharane guru.			✓		3
3.	Tekon lan mangsuli pitakonan.			✓		3

4	Demonstrasi nulis aksara Jawa		✓		2
5	Nindakake kagiyatan ngenali aksara lan nulis tembung kanthi medhia “flashcard”.			✓	3
6	Nggarap pitakonan sing tuwuh saka “Modeling The Way Flashcard”.			✓	3
7	Murid duwe <i>motivasi sajrone piwulang</i>		✓		2
8	Murid duwe <i>motivasi sajrone ngetrapake Modeling The Way Flashcard</i>		✓		2
9	Murid nggarap tugas diwenehake			✓	4
10	Murid nindakake refleksi			✓	3
Jumlah		8	15	4	27
Rata - rata		0	20	37,5	10 67,5

Saka tabel 4.2 kasebut bisa dijelentrehake yen aktivitas siswa antuk biji rata – rata yaiku : 67,5%. Persentase kasebut nduweni tugas yen biji rata – rata asktivitas siswa, yaiku 67,5 lan digayutake karo konversi ketuntasan ing SMP Negeri 5 Tulungagung nuduhake biji “cukup”.

Sakabehing aspek kang dideleng kanthi setiti nuduhake skor cukup. *Deskriptor* kasebut yaiku murid mangerten tujuwan piwulangan, murid duwe wigati marang andharane guru, murid gampang mangerten *instruksi* saka guru, murid nindakake *instruksi* guru sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara lumantar *modeling the way flashcard*, murid duwe *motivasi* sajrone piwulang, murid duwe *motivasi* sajrone ngetrapake *modeling the way flashcard*, lan murid nindakake refleksi. Sakabehe *deskriptor* kuwi antuk biji 37,5. Ana uga *deskriptor* kan antuk skor 4 utawa skor maksimal (10%), yaiku murid mangerten *instruksi* saka guru.

#### d) Refleksi

Adhedhasar jlentrehan asil observasi tumrap katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon siswa ing siklus I, langkah sabanjure yaiku nindakake refleksi.

Katrampilan guru sajrone mulang siswa durung bisa ngancik indikator keberhasilan sing wis ditetapake. Kahanan iki bisa dideleng saka asil observasi sing nerangake menawa skor sing diolehydrate yaiku 28 kanthi rata-rata 2,54. Skor iki kalebu sajrone kategori cukup.

Aktivitas siswa sajrone siklus I uga durung ngancik indikator keberhasilan sing wis ditetapake.

Adhedhasar asil observasi sing katindakake dening observer, jumlah skor sing diolehydrate yaiku 67,5 kanthi rata-rata 37,5. Skor iki kalebu ing kategori cukup.

#### 2) Asil pasinaon siklus II

Asil Panliten mujudake paparan saka asil panliten sing kaperang saka katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhang swara siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Jlentrehan ngenani katelu pengamatan kasebut ing ngisor iki.

##### a) Rancangan panliten

Tahap ngrencanakake kegiyatan piwulang ing siklus II iki ora beda karo siklus sakdurunge. Ing siklus II kegiyatan ngrencanakake piwulang uga kaisi dening sakabehing kegiyatan kang ana gegayutan karo panyipane ubarampe guru kanggo nindakake proses piwulang nulis aksara Jawa mawa sandhang swara lumantar *Modeling the way flashcard*. Ubarampe kasebut yaiku nyusun Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) kang wis didandani, nyiapake materi piwulang, nyiapake media piwulang, nyiapake lembar tugas siswa, nyiapake materi piwulang, nyiapake media piwulang, nyiapake lembar *observasi* aktivitas guru lan siswa, nyiapake lat *evaluasi*.

##### b) Nindakake kegiyatan piwulang

Saka asile ujian kang digarap dening siswa, bisa dimangerten ana orane owah –owahan bijine siswa saka siklus I ing siklus II iki. Asil kang diduweni siswa dibiji adhedhasar *Penilaian Acuan Patokan* (PAP) kang wis ditemtokake yaiku siswa dianggep tuntas yen bias nggayuh 75% saka *indicator*. Biji maksimal kang ditemtokake yaiku 100, dadi siswa dianggep tuntas yen antuk biji minimal 75. Biji kanggo saben – saben murid bakal dieting kanthi rumus :

$$\text{Biji} = \frac{\text{Skor kang digayuh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100\%$$

Murid dianggep tuntas yen antuk biji saora – orane yaiku 75 kanthi katuntasan kelas kudu nggayuh 80%. Ing siklus II iki ana 29 murid utawa  $\frac{29}{35} \times 100\% = 82,9\%$  kang tuntas lan 6 murid utawa  $\frac{6}{35} \times 100\% = 17,14\%$  kang durung tuntas. Asil ketuntasan kelas kang antuk 82,9% wis ana sakduwure 80% kang tegese wis kasil mula piwungan nulis aksara Jawa mawa sandhang swara lumantar *Modeling the way flashcard*.

##### c) Observasi

Adhedhasar pamulangan kang wis ditindakake uga diolehydrate data pambiji asil observasi. Observasi ditindakake dening observer, yaiku Retno Indrayani, S.Pd minangka guru Bahasa Jawa kelas VIIIG ing SMPN 5 Tulungagung. Asil observasi diolehydrate saka aktivitas siswa lan guru nalika proses pamulangan lumaku. Asil pambiji observasi ing siklus 2 kaya andharan iki.

##### i). Katrampilan Guru

Asil pengamatan katrampilan guru sajrone pasinaon siklus II, yaiku ing pasinaon nulisa aksara Jawa mawa sandhang swara lumantar *Modheling the*

Way kathi medhia *Flashcard* ing siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Adhedhasar asil pengamatan langsung kanthi lembar observasi sing wis katindakake dening observer nalika pasinaon, kasil diolehake dhata asil pengamatan kaya tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.5**  
**Asil Observasi Katrampilan Guru Siklus II**

No	Indikator	Deskriptor kang digayuh				Skor
		1	2	3	4	
1.	Nindakake prapasinaon.			✓		4
2.	Miwiki pasinaon kanthi apresepsi.		✓			3
3.	Ngandharake tujuwan pasinaon.			✓		4
4.	Weneh pitakonan marang siswa.			✓		4
5.	Nindakake demonstrasi arupa nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara		✓			3
6.	Weneh bimbingan marang siswa sajrone nggunakake medhia <i>Flashcard</i> kanggo ngrampungake tugas		✓			3
7.	Weneh bimbingan sajrone nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara			✓		4
8.	Weneh variasi sajrone pasinaon.		✓			3
9.	Ngelola kelas.		✓			3
10.	Weneh penguatan marang siswa.		✓			3
11.	Nutup pasinaon.			✓		4
Jumlah skor		38				
Rata-rata		3,45				
Kategori		Apik				

Keterangan: 4: apik banget, 3: apik, 2: cukup, 1: kurang

Adhedhasar tabel 4.5 asil observasi katrampilan guru siklus II ing ndhuwur nerangake menawa katrampilan guru kasil ngasilake jumlah skor 38 kanthi rata-rata 3,45. Asil iki kalebu ing kategori "apik".

ii). Aktivitas siswa

Asil saka observasi aktivitas siswa sajrone tindakak siklus II bisa dideleng saka tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.6**  
**Asil Observasi Siswa Siklus II**

No .	Indikator	Deskriptor kang digayuh				skor
		1	2	3	4	
1	Nyiapake diri sajrone nampa pasinaon.			✓		2
2	Nggatekake medhia lan andharane guru.				✓	3
3	Tekon lan mangsuli pitakonan.			✓		3
4	Demonstrasi nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara				✓	2
5	Nindakake kagiyatan ngenali aksara lan nulis tembung kanthi medhia "flashcard".				✓	3
6	Nggarap pitakonan sing tuwuhan "Modeling The Way Flashcard".				✓	3
7	Murid duwe <i>motivasi</i> sajrone piwulang			✓		2
8	Murid duwe <i>motivasi</i> sajrone ngetrapake "Modeling The Way Flashcard"			✓		2
9	Murid nggarap tugas diwenehake				✓	4
10	Murid nindakake refleksi			✓		3
Jumlah			18	1 6	34	

$$P = f/N \times 100\%$$

$$= \frac{34}{40} \times 100\%$$

$$= 0,85 \times 100\%$$

$$= 85\%$$

Saka tabel ing ndhuwur bisa dijinentrehake yen aktivitas murid ana owah – owahan dadi luwih apik. Persentase *frekuensi* aktivitas murid, yaiku 85%. Persentase kasebut nduwensi teges yen biji rata – rata asile *observasi* aktivitas siswa, yaiku 85 yen digayutake karo *konversi* katuntasan ing SMP Negeri 5 Tulungagung nuduhake biji kang ana ing rentangan 71 – 85 utawa "apik".

### Andharan Asil Panliten

- Undhak-undhakan katrampilan guru siklus I lan siklus II

Undhak-undhakan katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard*. sajrone siklus I lan siklus II bisa kaandharake kanthi tabel lan grafik ing ngisor iki.

**Tabel 4.10**

Undhak-undhakan Katrampilan Guru siklus I, lan siklus II

No	Deskripsi	Siklus	
		I	II
1	Nindakake pra-pasinaon.	3	4
2	Miwi pasinaon kanthi apresepsi.	2	3
3	Ngandharake tujuwan pasinaon.	2	4
4	Weneh pitakonan marang siswa.	3	4
5	Nindakake demonstrasi arupa nulisaaksara Jawa.	2	3
6	Weneh bimbingan marang siswa sajrone nggunakake medhia <i>Flashcard</i> kanggo ngrampungake tugas	3	3
7	Weneh bimbingan sajrone nulis aksara Jawa	3	4
8	Weneh variasi sajrone pasinaon.	2	3
9	Ngelola kelas.	3	3
10	Weneh penguatan marang siswa.	2	3
11	Nutup pasinaon.	2	4
Jumlah		28	38
Rata-rata		2,54	3,45
Percentase		63,6%	86,4%
Kriteria		Cukup	Apik

Adhedhasar gambar 4.10 anane undhak-undhakan katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara. Bab iki dituduhake menawa ing siklus I ngoelhake cacah skor 28 kanthi persentase 63,6% kategori cukup. Banjur ing siklus II ngolehake skor 38 kanthi persentase 86,4% kanthi kategori apik.

Guru sajrone nindakake tugase kudu nguwasaikatramilan dhasar sajrone mulang. Miturut Rusman (2011:80) katramilan dhasar mulang, yaiku wujud solah kang asipat mligi lan dasar kang kudu diduwensi dening sawijining pawongan (guru) minangka modhal kanggo nindakake tugas-tugas pasinaon kanthi profesional. Asil observasi katramilan guru sajrone

pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara nggunakake modhel pasinaon *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard* ngalami undhak-undhakan ing saben sikluse.

- Undhak-undhakan Aktivitas Siswa Siklus I lan Siklus II

Undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lumantar *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard*. sajrone siklus I lan siklus II bisa kaandharake kanthi tabel 4.11 lan grafik sajrone gambar 4.2 .

**Tabel 4.11**

Undhak-undhakan Aktivitas Siswa siklus I, lan siklus II

No	Deskripsi	Siklus	
		I	II
1	Nyiapake diri sajrone nampa pasinaon.	2	2
2	Nggatekake medhia lan andharane guru.	3	3
3	Tekon lan mangsuli pitakonan.	3	3
4	Demonstrasi nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara	2	2
5	Nindakake kagiyatan ngenali aksara lan nulis tembung kanthi medhia “flashcard”.	3	3
6	Nggarap pitakonan sing tuwuh saka “Modeling The Way Flashcard”.	3	3
7	Murid duwe <i>motivasi</i> sajrone piwulang	2	2
8	Murid duwe <i>motivasi</i> sajrone ngetrapake “Modeling The Way Flasheard”	2	2
9	Murid nggarap tugas diwenehake	4	4
10	Murid nindakake refleksi	3	3
Jumlah Skor		27	34
percentase		67,5%	85%
Kriteria		cukup	Apik

Adhedhasar gambar 4.11 anane undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara. Bab iki dituduhake menawa ing siklus I ngolehake cacah rata-rata skor 27 kanthi persentase 67,5%kategori cukup. Banjur ing siklus II ngolehake rata-rata skor 34 kanthi persentase 85% kategori apik.


Undhak-undhakan sajrone pasinaon siklus I lan siklus II kaandharake ing saben indikator pambijine aktivitas siswa kang kaperang saka 10 indikator ing antarane, yaiku (1) Nyiapake diri sajrone nampa pasinaon; (2) Nggatekake medhia lan andharane guru;

(3) Tekon lan mangsuli pitakonan; (4) demonstrasi nulis aksara Jawa mawa sandhang swara, (5) Nindakake kagiyatan ngenali aksara lan nulis tembung kanthi medhia kertu "Flashcard", (6) Nggarap pitakonan kang tuwuh saka medhia kertu "Flashcard", (7) siswa duwe *motivasi* sajrone piwulangan, (8) murid duwe *motivasi* sajrone ngetrapake *modeling the way Flashcard*, (9) siswa nggarap tugas sing diwenehake lan (10) murid nindakake *refleksi*.

Adhedhasar dhata kang kaandharake ing ndhuwur nuduhake menawa ing saben siluse aktivitas siswa terus mundhak. Undhak-undhakan kasebut dumadi amarga panganggone modhel pasinaon *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard* sajrone pasinaon. Sarta anane refleksi lan revisi ing saben sikluse njalari anane perbaikan lan undhak-undhakan ing saben sikluse.

3) Undhak-undhakan asil pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhang swara

Undhak-undhakan asil pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhang swara siswa bisa disajekake sajrone grafik ing ngisor iki.



Gambar 4.3: Undhak-undhakan Asil Pasinaon Siklus I, lan Siklus II

Adhedhasar dhata kang diandharake nuduhake menawa katrampilan nulis aksara Jawa siswa terus mundhak. Ing siklus I kasil ngolehake skor rata-rata 71,97 kanthi kategori cukup, lan ing siklus II kasil ngolehake skor 82,3 kanthi kategori apik.

Undhak-undhakan asil pasinaon siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhang swara siswa nggunakake modhel pasinaon *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard* ing siswa kelas 7A SMPN 5 Tulungagung ngalami undhak-undhakan. Sajrone siklus I biji kang paling asor 50, biji kang paling dhuwur 87 kanthi rata-rata 72. Banjur ing siklus II biji kang paling asor yaiku 68, biji kang paling dhuwur 96. Sajrone siklus II iki prosentase ketuntasan kang diolehekae siswa sajrone pasinaon nlulis aksara Jawa kasil nggayuh ketuntasan klasikal kang ditrapake yaiku  $> 80\%$ . Asil kasebut, bisa dingertenan menawa anane undhak-undhakan asil pasinaon siswa. Undhak-undhakan kasebut dumadi kanthi anane pasinaon nulis aksara Jawa mawa

Adhedhasar asil kasebut, bisa dingertenan menawa anane undhak-undhakan asil pasinaon siswa. Undhak-undhakan kasebut dumadi kanthi anane pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhang swara

lumantar modhel pasinaon *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard*.

## PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar analisis dhata saka panliten "Modeling The Way Flash Card" kanggo Ngundhakake Katrampilan Nulis Aksara Jawa mawa Sandhang Swara Siswa Kelas 7A SMPN 5 Tulungagung" bisa digawe dudutan kaya ing ngisor iki.

Adhedhasar dhata kang diandharake nuduhake menawa katrampilan nulis aksara Jawa siswa terus mundhak. Ing siklus I kasil ngolehake skor rata-rata 71,97 kanthi kategori cukup, lan ing siklus II kasil ngolehake skor 82,3 kanthi kategori apik.

Undhak-undhakan asil pasinaon siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhang swara siswa nggunakake modhel pasinaon *Modheling the Way* kanthi medhia *Flashcard* ing siswa kelas 7A SMPN 5 Tulungagung ngalami undhak-undhakan. Sajrone siklus I biji kang paling asor 50, biji kang paling dhuwur 87 kanthi rata-rata 72. Banjur ing siklus II biji kang paling asor yaiku 68, biji kang paling dhuwur 96. Sajrone siklus II iki prosentase ketuntasan kang diolehekae siswa sajrone pasinaon nlulis aksara Jawa kasil nggayuh ketuntasan klasikal kang ditrapake yaiku  $> 80\%$ . Asil kasebut, bisa dingertenan menawa anane undhak-undhakan asil pasinaon siswa. Undhak-undhakan kasebut dumadi kanthi anane pasinaon nulis aksara Jawa mawa

Model pasinaon *Modheling the Way Flashcard* bisa ngundhakake katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhang swara ing siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Asil observasi katrampilan guru sajrone siklus I nuduhake menawa skor kang diolehake guru ngancik angka 28 kanthi rata-rata skor 2,54 kategori cukup kanthi persentase 63,5% kagolong cukup, banjur ing siklus II skor katrampilan guru ngancik ana ing skor 38 kanthi prosentase 86,4% kategori apik banget.

Model pasinaon *Modheling the Way Flashcard* bisa ngundhakake aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhang swara ing siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Asil observasi aktivitas siswa sajrone pasinaon siklus I nuduhake olehe skor cacah 27, rata-rata skor 67,5 kanthi kategori cukup. Banjur ing siklus II kasil ngolehake skor cacah 34, rata-rata skor cacah 85 kanthi kategori apik.

Model pasinaon *Modheling the Way Flashcard* bisa ngundhakake asil pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa mawa sandhang swara ing siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung. Banjur sajrone siklus I rata-rata biji kang diolehake siswa, yaiku 71,79, lan kalebu ing kategori cukup sajrone siklus II ngolehake skor rata-rata saben siswa cacah 82,3 kalebu ing kategori apik.

## Saran

Adhedhasar asil dudutan saka panliten tindakan kelas kang wis kalaksanan ing siswa kelas 7 A SMPN 5 Tulungagung, panliti bisa weneh saran kaya ing ngisor iki.

- 1) Model Pasinaon *Modheling the Way Flashcard* minangka modhel pasinaon kang bisa narik kawigaten siswa, kang bisa ditrapake nalika pasinaon nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara lan uga bisa ienggo sajrone medhia ing pasinaon mata pelajaran liyane.
- 2) Model Pasinaon *Modheling the Way Flashcard* bisa ngundhakake katrampilan siswa sajrone nulis aksara Jawa mawa sandhangen swara, saliyane iku uga bisa ngundhakake kawigaten siswa marang pasinaon basa Jawa.
- 3) Kudune panliten kanthi Model Pasinaon *Modheling the Way Flashcard* bisa dikembangake kanthi luwih, dening guru, dening lembaga, utawa dening pangembang pendhidhikan liyane kanthi kekarepan pangetrapan Model Pasinaon *Modheling the Way Flashcard* bisa nggawe pasinaon tansaya luwih apik.

## KAPUSTAKAN

- Anitah, Sri dkk. 2008. *Strategi Pasinaon*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Aqib, Zainal dkk. 2010. *Penelitian Tindakan Kelas*. Bandung: Yrama Widya
- Arikunta, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian*. Jogyakarta: Rineka Cipta.
- Arikunto, Suharmini. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Arikunto, Suharsimi. 1998. *Prosedur Penelitian*. Jogyakarta: Rineka Cipta.
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta
- Basuki. 2010. *Meningkatkan Kemampuan Menulis Aksara Jawa dengan Metode Kelompok Siswa Kelas 6 SD Negeri 2 Mojosari*. Semarang: Universitas Negeri Semarang
- Daryanto. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas dan Penelitian Tindakan Sekolah*. Yogyakarta: Gava Media
- Departemen Pendidikan Nasional. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi III*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Depdiknas 2006. *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Jakarta: Depdiknas
- Djamarah, Syaiful Bahri. 2010. *Guru dan Anak Didik Dalam Interaksi Edukatif*. Jakarta: Rineka Cipta
- Doyin, Mukh dan Wagiran. 2009. *BAHASA INDONESIA Pengantar Penulisan Karya Ilmiah*. Semarang: Universitas Negeri Semarang Press
- Hadi, Sutrisno. 2004. *Statistik Jilid 2*. Yogyakarta : ANDI
- Hamalik, Oemar. 2002. *Psikologi Belajar dan Mengajar*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

- Hamdani. 2011. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung : Pustaka Setia Hardini, Isriani. 2012. *Strategi Pasinaon Terpadu (Teori, Komsep dan Implementasi)*. Yogyakarta : Familia
- Indarti, Titik. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dan Penulisan Ilmiah..* Surabaya : UNESA FBS Indriana, Dina. 2011. *Ragam Alat Bantu Media Pengajaran*. Yogyakarta : Diva Press
- Iskandar. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Gaung Persada Press
- Iskandarwassid dan Sunendar, D. (2009). *Strategi Pembelajaran Bahasa* . Bandung: PT. Rosda Karya
- Ismawati, Esti. 2011. *Perencanaan Pengajaran Bahasa*. Surakarta: Yuma Pustaka Nurseto, 2012
- Kunandar. 2008. *Langkah Mudah Penelitian Tindakan Kelas Sebagai Pengembangan Profesi Guru*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persida.
- Nurseto, Tejo. 2012. *Media Pasinaon IPS*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta Poerwanti, Endang,dkk. 2008. *Asessmen Pasinaon*. Jakarta : Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Depdiknas
- Rohmadi, Muhammad, Lili Hartono. 2011. *Kajian Bahasa, Sastra dan Budaya Jawa: Teori dan Pasinaonnya*. Surakarta: Pelangi Press
- Rusman. 2012. *Model-Model Pasinaon Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: Raja Grafindo
- Sardiman. 2011. *Interaksi dan Motivasi Belajar mengajar*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Semi, Atar. 2007. *Dasar-dasar Keterampilan Menulis*. Bandung: Angkasa
- Silberman. 2010. *Active Learning 101 Cara belajar Siswa Aktif*. Bandung: Nusamedia
- Subyantoro. 2009. *Penelitian Tindakan Kelas*. Semarang: Rumah Indonesia
- Sudjana, N. 2005. *Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukiman. 2012. *Pengembangan Media Pasinaon*. Yogyakarta: Pedagogia
- Suparno, Paul dkk. 2009. *Pendidikan Budi Pekerti di Sekolah Suatu Tinjauan Umum*. Yogyakarta : Kanisius
- Suprijono, Agus. 2009. *Cooperative Learning*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Suyitno, Amin. 2007. *Pemilihan Model-Model Pembelajaran dan Penerapannya di Sekolah*. Semarang: Universitas Negeri Semarang.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- Trianto. 2007. *Model-Model Pasinaon Inovatif Berorientasi Konstruktivistik*. Jakarta: Pustaka Publisher